

KISA POU MWEN FÈ SI PITIT MWEN AN VIN VYOLAN?

ZAK AGRESYON DOMESTIK ADOLESAN KOMÈT (ADB)

Zak Agresyon Domestik Adolesan Komèt (Adolescent Domestic Battery, ADB) se lè yon jèn komèt yon zak vyolans sou paran li, frè oswa sè li oswa sou lòt manm fanmi an k ap viv nan kay la.

Se pa tout Zak Agresyon Domestik Adolesan Komèt ki menm epi yo pa ta dwe trete yo menm jan an.

Diferan Kalite Zak Agresyon Domestik Adolesan Komèt:*

- Defansif: kèlkeswa vyolans lan (ki pa ensidan aktyèl la sèlman) ki fèt sou paran an pou reyaji akoz yon menas fizik paran an fè.
- Ensidan Izole: vyolans lan te yon ensidan agresyon izole ki te fèt akoz yon presyon famiyal oswa presyon endividyèl inabityèl. San presyon sa a, jèn nan te ka chwazi yon kalite rezolisyon konfli ki pi apwopriye.
- Konfizyon nan Fanmi: yon seri evènman kote jèn nan genyen yon konpòtman previzib ki vin rive nan pwen agresyon pou li sa atenn objektif li epi ki prezante poutèt paran yo pa genyen otorite sou jèn nan kòmsadwa.
- Ap Vin Pi Grav: yon seri konpòtman jèn nan manifeste pou li entimide, kontwole epi fòse paran an soumèt ak demand li yo epi finalman pou pase otorite paran an bay jèn nan, ki vini lè sa a nan pozisyon pou li kontwole paran an.

**Chèchè ak kòlèg nan Lekòl Medsin nan Inivèsite Massachusetts (University of Massachusetts Medical School) te pwodwi Zouti Tipoloji Zak Agresyon Domestik Adolesan Komèt la (Nussbaum et al., 2015), grasa finansman Fondasyon John D. & Catherine T. MacArthur.*

Si ou menm oswa yon moun ou konnen ap sibi vyolans nan men yon patnè entim oswa nan men yon manm fanmi, tanpri rele **Liy Asistans pou**

Vyolans Domestik Florida nan:

1-800-500-1119 • 1-800-621-4202 (TDD)

Sèvis Relè Florida 711

www.FloridaNetwork.org

KIJAN FLORIDA NETWORK (REZO FLORIDA) A KONFWONTE PWOBLÈM ZAK AGRESYON DOMESTIK ADOLESAN KOMÈT?

Pwogram Repi Florida Network Kont Vyolans

Domestik: *Sèvis yo se pou jèn ke yo akize de vyolans domestik sou yon moun nan kay la epi se Depatman Jistis Jivenil Florida ki dwe refere jèn sa yo.*

Florida Network la ap travay men nan men ak Depatman Jistis Jivenil Florida pou founi jèn yo arete pou vyolans domestik yo yon altènativ san danje pou yon detansyon an sekirite; li konsantre efò l yo nan anpeche jèn yo antre pi fon nan sistèm jistis jivenil la pandan y ap lite pou kenbe fanmi yo soude.

Sèvis yo se plasman rezidansyèl akoutèm pou jèn ki gen laj 10-17 ane ki pa reponn ak kritè detansyon yo epi ki pa genyen yon lòt plasman relatif. Se Depatman Jistis Jivenil Florida ki refere jèn yo apre yon arestasyon pou Vyolans Domestik sou yon moun nan kay la. Men ki sèvis nou bay jèn ki elijib yo:

- evalyasyon fas a fas,
- sèvis oryantasyon,
- jesyon ka,
- konsèy,
- transpò, epi
- referans pou sèvis adisyonèl oswa konsèy espesyalize.

Depi lè admisyon yo, konseye yo kòmanse travay ansanm ak jèn yo epi fanmi yo pou rezoud konfli ki te lakoz arestasyon jèn nan, nan lide pou reyini fanmi an. Nou ankouraje fanmi yo patisipe nan konsiltasyon ekstèn pou ede nou ankouraje kominikasyon ak konpòtman ki sen jèn yo aprann genyen pandan moman repi a. Li enpòtan pou fanmi yo patisipe, konsa n ap asire lonjevite devlopman pozitif fanmi an. Pou aprann plis sou Pwogram Repi Kont Vyolans Domestik la, ale sou: www.FloridaNetwork.org

Depatman Jistis Jivenil Florida, atravè Biwo pou Prevansyon ak Sèvis Viktim yo, ofri plizyè pwogram prevansyon, entèvansyon ak tretman volontè atravè tout eta Florida. Pou aprann plis sou sèvis nou ofri nan zòn ou an tanpri rele nimewo Liy Asistans pou Prevansyon nou an nan 1-866-757-0634. Tanpri note: liy asistans lan pa yon nimewo pou sèvis konsèy, li la pou mande enfòmasyon sèlman. Tout apèl yo ale nan yon sistèm mesajri vokal e yo siveye soti Lendi rive Vandredi.